



Kesyon Moun Poze Souvan: Avi Pou Bouyi Dlo

DAT DÈNYE CHANJMAN: 02/2014

Kisa bon jan fason pou dezenfekte dlo mwen ye pou li ka vin bon pou bwè? Pi bon metòd pou trete dlo a se bouyi li. Lè ou bouyi dlo a ou touye bakteri ak parazit nuizib (si konjle dlo a sa p ap dezenfekte li). Kite dlo a bouyi anpil pandan omwen 1 minit pou touye pifò mikwòb enfektye yo. Kite dlo a frèt anvan ou itilize li.

Pou zòn ki pa gen kouran yo, dezenfekte dlo tiyo a. Pou fè sa, mete 8 gout, apeprè 1/8 ti kiyè klowòks òdinè san odè (4 a 6 pousan engredyan aktif) pou chak galon dlo, epi kite dlo a poze pandan 30 minit. Si dlo a twoub, refè machaswiv la. Itilize yon veso ki gen yon bouchon oswa yon kouvèti pou dezenfekte oswa pou konsève dlo pou itilize pou bwè. Sa ap anpeche dlo a kontamine. Si pui ou te inonde, pi bon aksyon pou fè se bouyi dlo a, paske dezenfeksyon avèk klowòks pa touye sèten parazit.

Kijan mwen ta dwe lave men mwen lè yo bay yon avi pou bouyi dlo?

Lè w ap itilize yon rezèv dlo piblik, li bon pou ijyèn pèsònèl debaz ou pou lave men ou yon fason ki efikas avèk savon ak dlo tiyo. Si w ap lave men ou pou prepare manje, si li posib, ou ta dwe itilize dlo ki bouyi (ki frèt apre), dlo ki dezenfekte oswa dlo boutèy avèk savon pou men.

Èske dlo ki ka kontamine bon pou lave veso oswa rad?

Wi, si w ap rense veso ou lave avèk men ou pandan yon minit nan yon solisyon klowòks (1 kiyè klowòks pou chak galon dlo). Kite veso yo seche nèt nan lè sèk. Pifò machin pou lave veso nan kay pa rive nan tanperati ki kòrèk la pou dezenfekte veso yo. Li bon pou lave rad yo nan dlo tiyo.

Èske dlo ki ka kontamine bon pou benyen ak pou fè labab?

Ou ka itilize dlo a pou benyen nan douch, pou beny, pou fè labab epi pou lave, depi ou pa vale dlo a oswa depi dlo a pa tonbe nan zye ou, nen ou oswa bouch ou. Timoun yo ak moun ki andikape yo ta dwe benyen anba sipèvizyon yon moun pou asire yo pa vale dlo a. Yo ta dwe diminye kantite tan yo pase ap benyen. Menmsi risk pou pran maladi a fèb, moun ki fèk gen maleng akòz operasyon yo fè, moun ki imino-depresif, oswa moun ki gen yon maladi kwonik ka vle anvizaje itilize dlo nan boutèy oswa dlo bouyi pou fè netwayaj jouk lè yo anile avi a.

Kijan mwen ta dwe lave fwi ak legim, epi kijan mwen ta dwe fè glas?

Ou ta dwe lave fwi ak legim avèk dlo bouyi (ki frèt apre), dlo nan boutèy oswa dlo ki dezenfekte avèk 8 gout (apeprè 1/8 ti kiyè) klowòks òdinè odè pou chak galon dlo. Ou ta dwe fè glas avèk dlo bouyi, dlo nan boutèy oswa dlo ki dezenfekte.

Kisa pou mwen fè si mwen deja bwè dlo ki posib pou kontamine?

Menmsi yon moun deja bwè dlo ki posib pou kontamine nan swa yon sistèm dlo piblik oswa yon pui prive anvan yo moun nan te konnen avi pou bouyi dlo a, pa gen gwo posiblite pou moun nan vin malad. Men, si yon moun gen sentòm tankou dyare, kèplen, vomisman, lakranp nan abdomèn, avèk oswa san lafyèv, moun sa a ta dwe chèche swen medikal.

Ki òganis enfektye ki ta ka prezan nan dlo ki kontamine?

Transmisyon maladi nan dlo ki kontamine fèt sitou nan dlo pou bwè. Òganis prensipal ki bay enkyetid yo endike anba la a:

- Pwotozoyè tankou Giardia ak Cryptosporidium
- Bakteri tankou Shigella, E. coli
- Viris tankou Norovirus ak Epatit A

Òganis sa yo afekte sitou sistèm gastwo-entestinal la, sa k ap lakòz dyare, lakranp nan abdomèn, kèplen, ak vomisman avèk oswa san lafyèv. Maladi sa yo kapab grav oswa yo kapab menase lavi moun, sitou sou granmoun aje yo, moun ki jèn anpil oswa moun ki imino-depresif.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte departman sante konte kote w ap viv la, oswa konekte sou Entènèt nan sitwèb www.floridahealth.gov oswa nan www.floridadisaster.org.